



Pou Piblikasyon Imedya: 10/1/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE AJANS YO NAN ETA POU PREPARE POU GWO LAPLI PWOLONJE AK KONDISYON TANPÈT TROPICAL

Sant Operasyon Ijans Eta nan Albany te aktive pou kontwole ak kowòdone efò repons ijans pandan wikenn sa a

Yo te deplwaye pèsònèl nan DEC Eta ak Gad Nasyonal New York pou netwaye debri sou wout ak nan vwa navigab yo annavans de tanpèt la

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te aktive Sant Operasyon Ijans Eta nan Albany pou kontwole move tan ki antisipe pou afekte pati sid Eta New York kòmanse jodia e posibleman kap dire pandan tout wikenn nan. Yo prevwa pou move tan sa pote gwo lapli, gwo van ak inondasyon bòdmè a ansanm avèk siklòn Joaquin ki ka rive jis nan pati lès kot la. Yo antisipe tou ap genyen pann kouran lokal nan zòn ki pi frape yo.

“Kòm siklòn Joaquin ap rantre nan lès kot, New York nan yon pi bon pozisyon jodia pase anvan - men lè li kesyon de lanati, nou pap janm fin byen prepare,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Se poutèt sa nap aktive Sant Operasyon Ijans Eta epi pozisyon resous enpòtan yo toupatou nan eta pandan nap aprann plis sou tanpèt sa kap devlope. Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou pran anpil prekosyon epi rete enfòme nan jou kap vini yo.”

Daprè Sant Nasyonal Siklòn, jiska 11:00 am siklòn Joaquin se yon gwo tanpèt kategori 3. Siklòn Joaquin kounye a gen van maksimòm pwolonje de 125 kilomèt alè e li kenbe mouvman 6 kilomèt alè nan sidwès, aktyèlman ki lokalize toupre Bahamas. Gen kèk modèl previzyon ki montre ke Joaquin ap swiv de prè kot Atlantik Lès la, sa ki kapab pote anpil lapli ak gwo van nan Eta New York wikenn sa a. Anplis, nivo dlo nan zòn kotyè yo prevwa pou monte akòz gwo van nan nòdès la kap vini anvan tanpèt la, sa kap ogmante posibilite jeneralizasyon, inondasyon modere vandredi nan pati sid New York.

Annavans de tanpèt yo, Biwo Jesyon Ijans Eta New York te òganize plizyè apèl konferans avèk Sèvis Nasyonal Meteyolojik, ajans patnè eta ak konte yo ki kapab afekte pa move tan. Vil New York, ak konte Nassau ak Suffolk te aktive plan inondasyon kotyè move tan yo, epi antisipe pou aktivite Sant Operasyon Ijans yo wikenn sa a. Yap deplwaye pèsònèl OEM Eta nan lokasyon sa yo pou sipòte repons efò ijans lokal yo.

Resous apwovizyonman sid eta gen ladan:

- 200 dèlko disponib pou deplwaman
- 145,000 repa ki pare pou manje
- 212,000 boutèy dlo
- 65 limyè fanal
- 209 ponp dlo
- 221,000 bag sab

Anplis, gen 400 dèlko adisyonèl ki disponib pou deplwaye nan lòt rezèv nan rejyon nò a.

Rezèv gaz ak dèlko nan estasyon Gaz yo

Eta konsève yon rezèv gaz estratejik nan pati sid la nan Konte Suffolk kap kenbe 2.5 milyon galon gaz ke yo ka distribye bay kliyan detayan yo, sekouris ijans ak antite enpòtan nan gouvènman. Eta genyen tou 2.5 milyon galon gaz ak dyezèl nan tèminal rezèv li nan rejyon Nò a, ki disponib pou premye sekouris yo. Eta gen 488 estasyon gaz nan rejyon sid eta ki gen rezèv dèlko ki konekte ak yon kontra avèk yon founisè eksteryè pou deplwaye 250 dèlko nan estasyon sa yo sizoka ta gen yon gwo pann kouran jeneralize. Anplis, genyen 40 estasyon nan downstate ki gen dèlko sou plas aktyèlman.

Depatman Konsèvasyon Anviwonman

Depatman Konsèvasyon Anviwonman jodia ap pibliye yon Deklarasyon Ijans pou pèmèt yo retire debri kap fèt nan kouran dlo yo pou pwoteje pworiyete ak sekirite piblik. Deklarasyon Ijans lan ap pèmèt DEC tou ansanm avèk Gad Nasyonal pou imedyatman deplwaye pèsònèl pou retire gwo debri sou sit yo nan eta. DEC ap travay avèk otorite lokal yo pou idantifye zòn pwoblèm potansyèl yo kote retire debri ka ede anpeche inondasyon sizoka Joaquin frape New York. Nenpòt otorite nan vil yo ki okouran de sitiyasyon sa yo ta dwe kontakte biwo rejyonal DEC yo imedyatman. Vil yo pa ta dwe redrese oswa tranche kouran dlo yo kòm sa a ap agrave inondasyon nan kanal yo.

DEC gen 250 anplwaye (Polis Konsèvasyon Anviwonman, Gad Forestye ak enjenyè yo) annalèt nan preparasyon pou tanpèt la. DEC pral pare mwayen dlo sovtaj rapid, ede minisipalite yo pou preparasyon inondasyon epi travay avèk 200 sòlda Gad Nasyonal New York pou fè travay retire debri.

Eta a ap travay etwatman pou kontwole kapasite stokaj nan gwo rezèwva Sacandaga yo pou asire li ka reziste a gwo van yo. Rezèwva aktyèlman 2.5 pye anba nivo fonksyonman nòmal ak 12.5 pye anba sipli dlo nan baraj la. Menm avèk resan lapli 3-4 pous lapli nan basen vèsan, Lak la ap ogmante sèlman de 6 pous, sa vle di ke tè a ap absòbe anviwon apeprè swasandis pousan lapli. Nan kondisyon aktyèl la, lake ta pwobableman anmezi pou absòbe 10 pous (prediksyon maksimòm) lapli san yon deklanchman. Pandan siklòn Irene ak Sandy, dlo pat deklanche malgre gwo nivo dlo elve anvan tanpèt la. DEC ap travay avèk Depatman Pwoteksyon Anviwonman Vil New York pou asire ke rezèwva yo nan basen vèsan Vil New York gen kapasite adekwat pou jere dlo anplis ak dlo lapli kap tonbe.

Divizyon Afè Militè ak Lamarin

Divizyon Afè Militè ak Lamarin Eta New York ap prepare pou posib deplwaman Lame New York ak fòs Gad Nasyonal an sipò a vil New York ansanm avèk lòt gouvènman lokal yo. Anplis pou mobilize 200 twoup pou ede DEC jodia, Gad Nasyonal New York gen plan pou mande deplwaman apeprè 3,000 sòlda ak avyatè depannde etandi ak repons ki nesèsè pou tanpèt la. Gad Nasyonal New York ka deplwaye 20 elikoptè ak 250 kamyon wo-aks ak Humvees pou ede avèk repons tanpèt la ansanm avèk lòt ekipman kominikasyon spesyalize si nesèsè. Gad Nasyonal New York gen akò tou avèk Vil New York pou pake repons kap redwi tan ki nesèsè pou mobilize ak deplwaye fòs nesèsè.

Otorite Transpòtasyon Metropolitan

Sistèm tren an ap prepare avèk ranplisaj sak sab, prepare ak distribye dèlko, asire ke veyikil yo gen gaz ak pare, epi prepapre ak pwograme anplwaye. Si tanpèt la kontinye vize Vil New York, MTA ka deplwaye kouvèti pou 540 ouvèti nan sistèm tren an nan anba Manhattan (pasaj vantilasyon, eskalye, twou egou, elatriye.).

MTA te enstale tou gwo sak sab nan lakou Coney Island pou efikasman pwoteje lakou a. Efò rediksyon akoutèm anplas nan South Ferry avèk fèmte eskalye ak kouvèti van ak fib glas, e kouvèti yo disponib pou ede pwoteje lòt estasyon yo nan anba Manhattan. Anplis, dig ki te enstale nan Broad Channel la ap ede pwoteje pis tren A nan Rockaways ki te ale pandan Sandy.

Tren Long Island ak Metro-North Railroad ap kontwole meteyo tanpèt la avèk atansyon epi fè preparasyon nan tout rejyon yo kouvri a. Tren yo ap asire ke anplwaye yo pozisyone pou netwaye pyebwa ki tonbe, ponp ki pa gen dlo nan zòn ki gen tandans pou lokalize inondasyon, adrese kondisyon ki koze si nenpòt pann kouran ta rive, ak fonksyone lokomotiv dyezèl sekou ki prepare nan lokasyon kle pou remòke tren yo si yo ta vin pa fonksyonèl. Sistèm tren an ap kontwole stabilizasyon rezo elektrik yo a ak sou-estasyon yo avèk sanisibilizasyon elve, konfime ke tout etablisman gaz yo byen ranpli avèk apwovizyonman adekwat pandan moman tanpèt la.

Li twò bonè pou nou di ke sistèm tren an ap bezwen fèmten sèvis li si yon gwo tanpèt ta frape rejyon nou an. Sistèm tren an toujou fonksyone avèk yon zye pou asire sekirite kliyan ak anplwaye yo, e yo prepare pou sispann sèvis an pati oswa tout sistèm nan, si nesèsè, annakò avèk pwosedi siklòn abityèl yo. Si yo prevwa inondasyon, metro a ta deplase tren yo lwen zòn stokaj fèb altitud yo.

Port Authority

Port Authority a gen 170 dèlko ki disponib pou deplwaye nan rejyon downstate la, ak 4 kilomèt baryè pwoteksyon ekipman pou kenbe dlo a lwen de mwayen transpòtasyon, enkli:

- Apeprè 2550 pye de Bin Blocks
- Apeprè 6300 pye de arè koneksyon yo

- Apeprè 3000 pye de Baryè Beton yo
- Apeprè 8800 pye de baryè ki plen avèk sab yo

Depatman Transpò Eta

NYSDOT ap afekte tablo mesaj pòtab pou afiche vandredi e pandan wikenn lan avèk mesaj preparasyon alavans pou tanpèt. Spesyalman, 90 tablo mesaj varyab kap disponib nan rejyon sid eta pou avèti ak enfòmè chofè yo jan sa nesesè, ak 450 anplwaye pare pou yo deplwaye si sa nesesè. Yo te voye mesaj yo pou sekirize zòn travay yo nan Hudson Valley, Vil New York ak rejyon Long Island. Ekip nan rejyon sa yo ap netwaye drenaj, pasaj idwolik epi tcheke kondisyon wout la. Ekip adisyonèl ak kontraktè ijans egalman anantant pou reponn si sa nesesè.

Lòt resous ki afekte nan rejyon sid eta gen ladan:

- 209 gwo kamyon charyo pou laboure
- 12 gwo dechiktè
- 5 gwo ponp dlo debri / 6 pous
- 1 aparèy pou fouye
- 20 dèlko mobil
- 1 nivelè wout
- 29 gwo bokit charyo
- 21 kamyon baskil mwayèn ki pa pou pouse nèj
- 10 dragè
- 2 kamyon baskil pou pote bwa
- 4 vac-ons (gwo twou egou)
- 98 atenyatè chòk mobil

Thruway Authority

Tout divizyon Thruway yo (New York, Albany, Syracuse, ak Buffalo) ap prepare pou yon posib mobilizasyon sou Thruway a, ansanm avèk ekipman repons tanpèt tankou chajè, ponp, dechiktè, limyè plant, ak tablo pòtab VMS yo pare pou deplwaye. Yo te tcheke epi netwaye anplasman yo nan Hudson Valley ki jeneralman gen debri. Nan nouvo Pon NY la, Thruway Authority ap travay etwatman avèk konstrikte Tappan Zee yo (TZC).

TZC ap swiv plan meteyolojik defavorab nan garanti tout ekipman tanporè oswa pòtab, tcheke epi ajoute liy mouyaj a resous maren yo, nan swiv pwotokòl van pou trepye ak lòt ekipman nan itilize mèt pou kontwole van yo.

Toupatou nan eta, resous rezèv Thruway a gen ladan:

- 28 retrokavez
- 86 VMS pòtab
- 35 fa limyè
- 55 charyo traksyon avan
- 16 dechiktè
- 161 si a meto
- 109 dèlko
- 112 ponp

Canal Corporation ap kontinye patisipe nan tout apèl Sèvis Nasyonal Meteyolojik, kontowle nivo dlo ak kominike mizajou operasyonèl kanal la grasa avi ki te etabli nan sistèm maren an. Kòporasyon an ap kowòdone avèk operatè idwo-elektrik yo, New York Power Authority ansanm avèk lòt konpayi jesyon dlo konsènan baraj ak lòt enfrastrikti pou kontwole devèsman aktyèl ak ogmantasyon ke yo prevwa.

Depatman Sante:

DOH eta ap kowòdone avèk Asosyasyon Greater New York Hospital ansanm avèk lòt founisè swen sante yo pou kontwole repons yo nan tanpèt la. DOH ap enfòme tout lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adiit yo pou raple yo pou verifye plan ijans ak plan pou pèsònèl, ansanm avèk kontwole magazen ki vann dèlko, manje, ak dlo e lap prepare pou enplemante plan evakyasyon pou pasyan ak anplwaye.

Dènnye Enfòmasyon sou Sèvis Nasyonal Meteyolojik

Sèvis Nasyonal Meteyolojik egalman ap kontwole yon zòn gwo presyon kap soti Canada kap deplase nan sidès ki te kapab entèfere avèk siklòn Joaquin epi koze move tan adisyonèl wikenn sa a.

Konsèy ak avètisman ki ananprè yo te pibliye pa Sèvis Nasyonal Meteyolojik nan Upton:

- Yon avètisman sou gwo vag ap anvigè jiska 6 a.m. vandredi pou kot sid nan lwès Long Island. Yon avètisman sou gwo vag vle di ke gwo vag la ap afekte plaj yo nan zòn avètisman an, pwodui fant aktyèl ak lokalize ewozyon plaj.
- Yon avètisman Inondasyon kotyè ap anvigè tou jiska 6 a.m. vandredi pou sid short bays nan lwès Long Island. Yon avètisman Inondasyon endike ke tè ak mare ap kobine pou bay inondasyon nan zòn ki ba bò rivaj la.
- Yon avètisman Inondasyon kotyè anvigè apati vandredi maten jiska vandredi apremidi pou lwès Long Island sound, pati nan vil New York, and Long Island. Yon avètisman Inondasyon kotyè vle di ke kondisyon yo favorab pou inondasyon ke yo prevwa kap devlope. Rezidan ki abite nan kot yo ta dwe vijilan pou dènnye deklarasyon oswa avètisman epi pran aksyon pou pwoteje pwopriyete yo.

NWS prevwa ti inondasyon nan kòt yo jiska jedi swa, ak inondasyon kotyè modere posib vandredi ak nan wikenn lan, ansanm avèk ewozyon nan plaj ak devèsman kòm yon rezilta gwo vag 5 -8 pye.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418